

**BULLETIN OFFICIEL
DU
BURUNDI**

**IKINYAMAKURU C'IBITEGEKWA
MU
BURUNDI**

SOMMAIRE

A. — Actes du Gouvernement

IBIRIMWO

A. — Ibitegetswe na Leta

<i>Dates et n°s</i>	<i>Pages</i>
15 mars 1978. — N°1/7.	
Décret-loi portant ratification de l'accord de prêt entre la République du Burundi et la Banque Arabe pour le Développement économique en Afrique (Badea) en vue de financement du projet d'assainissement de la ville de Bujumbura	217
3 avril 1978. — N°100/26.	
Décret portant modification de certains articles du décret n°100/60 du 20 juin 1977 portant création de la société de stockage et de commercialisation des produits vivriers du Burundi — SOBECOV	219
3 avril 1978. — N°100/28.	
Décret portant modification de l'article 51 du D.P. n°100/64 du 30 juin 1977 portant Statut de la Fonction Publique.....	220
10 avril 1978. — N°710/62.	
Ordonnance ministérielle portant réglementation de la circulation du bétail et répression de la divagation	221

<i>Igenekerezo n'inomero</i>	<i>Impapuro</i>
15 ntwarante 1978. — N°1/7.	
Itegeko-bwirizwa ryerekeye ingurano hagati ya Republika y'Uburundi n'ibanki y'Abarabu iteza imbere ubutunzi muri Afrika (Badea) kugira batezimbere ikisagara ca Bujumbura ..	217
3 ndamukiza 1978. — N°100/26.	
Itegeko rihindura ingingo zimwe zimwe zo mw'itegeko n° 100/60 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 20 ruheshi 1977 rigira ishira hamwe ryo kushira hamwe ibiribwa ikabigurisha hano mu Burundi yitwa SOBECOV	219
3 ndamukiza. N°100/28.	
Itegeko rihindura ingingo ya 51 ry'itegeko n° 100/64 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 30 ruheshi 1977 riringaniza amategeko y'abakozi ba Leta	220
10 ndamukiza 1977. — N°710/62.	
Itegeko nshikiranganji rishinga amategeko y'ukugene ibitungwa vyogendagenda n'ibihano vy'ibitungwa vyiyangaza	221

19 avril 1978. — N°540/64 .

Ordonnance ministérielle accordant la garantie de l'Etat à l'ouverture d'un crédit de soixante dix-neuf millions six cent vingt-neuf mille francs Burundi (79.629.000FBU) contracté par l'Office National de Commerce auprès de la Banque de la République du Burundi 224

25 avril 1978. — N°100/30.

Décret portant organisation de l'administration centrale du Ministère des Affaires Etrangères et de la coopération 224

19 ndamukiza 1978. — N°540/64.


Itegeko nshikiranganji rishinga ubuyobozi bwashinzwe na Leta ivyo kudandaza ngo Banque ya Republika iyigurane amafranga 79.629.000 y'Uburundi 224

25 ndamukiza 1978. — N°100/30.

Itegeko riringaniza ubushikiranganji bw'imigenderanire n'ukufashanya bubwirizwa kutunganya akazi 224

B. — Divers.

FONCTION PUBLIQUE :	Nominations — Détachement — Mise en disponibilité pour convenances personnelles — Nomination de stagiaire	228
AFFAIRES ETRANGERES :	Révocation — Mise en disponibilité d'office pour une durée déterminée	228
JEUNESSE, SPORTS ET CULTURE :	Commissionnement	228
	Nomination des membres du conseil national aux Sports.....	228
	Nomination du directeur du département des sports.....	229
FORCES ARMEES :	Mise en disponibilité d'un officier — Admission dans le cadre des sous-officiers de carrière	229
	Nomination des sous-officiers d'élite — Nomination d'aumônier protestant de deuxième classe	230
MAGISTRATURE DEBOUT	Nomination des substituts du procureur de la République à titre provisoire	229
OTRABU :	Nomination de directeur et directeur-adjoint	229
SOBECOV :	Nomination du directeur	229
NATURALISATION :	Déclaration en recouvrement de la nationalité burundaise Acte de renonciation à sa nationalité d'origine Certificat de nationalité	231
S.A.R.L. :	« Burundi Transit clearing Cy » Autorisation de fondation	232



1 Mai

1 Rusama

A. - ACTES DU GOUVERNEMENT

A. - IBITEGETSWE NA LETA

Décret-loi n°1/7 du 15 mars 1978 portant ratification de l'accord de prêt entre la République du Burundi et la Banque Arabe pour le Développement Economique en Afrique (Badea) en vue du financement du projet d'assainissement de la ville de Bujumbura.

Le Président de la République,

Vu le décret-loi no 1/186 du 26 novembre 1976 portant organisation des pouvoirs législatif réglementaire ;

Sur proposition du Ministre des Travaux Publics, de l'Equipement et du Logement, du Ministre des Affaires Etrangères et de la Coopération et du Ministre de L'Economie et des Finances,

Décète :

Art. 1.

L'Accord de prêt entre la République du Burundi et la Banque Arabe pour le Développement Economique en Afrique (Projet d'Evacuation des Eaux Usées et des Eaux Pluviales de Bujumbura), signé à Khartoum, le 27 octobre 1977 est ratifié.

Art. 2.

Le Ministre des Travaux Publics, de l'Equipement et du Logement, le Ministre de l'Economie et des Finances sont chargés de l'exécution du présent décret-loi qui entre en vigueur le jour de sa signature.

Fait à Bujumbura, le 15 mars 1978.

Jean-Baptiste BAGAZA,
Colonel.

Par le Président de la République,

Le Premier Ministre et Ministre du Plan,
Edouard NZAMBIMANA,
Lieutenant-Colonel.

Itegeko-bwirizwa no 1/7 ryo kw'igenekerezo ryo ku wa 15 ntwarante 1978 ryerekeye ingurane hagati ya Republika y'Uburundi n'Banki y'Abarabu Itezimbere Ubutunzi muri Afrika (Badea) kugira batezimbere ikisagara ca Bujumbura.

Umukuru wa Republika,

Twihweje itegeko-bwirizwa n° 1/186 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 26 munyonyo 1976 ryihweza iringanizwa ry'amategeko yemewe ;

Bisabwe n'Umushikirannganji w'ibikorwa vya Leta ibikoresho n'Uburaro, n'Umushikirannganji w'Imigenderanire n'Ukufashanya, n'Umushikirannganji w'Ubutunzi n'Ikigega ca Leta ;

Turategetse :

Ingingo ya 1.

Umwumvikano wa kugurana amafranka hagati ya Republika y'Uburundi na Banki y'Abarabu itezimbere ubutunzi muri Afrika (kutunganya ibiraba amazi atatamba n'amazi y'imvura i Bujumbura) bikaba vyashiriweko umukono i Khartoum kw'igenekerezo ryo ku wa 27 gitugutu 1977 biremewe.

Ingingo ya 2.

Umushikirannganji w'ibikorwa vya Leta, Ibikoresho n'Uburaro, Umushikirannganji w'Ubutunzi n'Ikigega ca Leta bategerezwa kuca bakwirikiza iri tegeko kandi rikakurikizwa umusi ryashiriweko umukono.

Bigiriwe i Bujumbura, kw'igenekerezo ryo kuwa 15 ntwarante 1978.

Yohani-Baptista BAGAZA,
Colonel.

Kubw'Umukuru wa Republika,

Umushikirannganji wa mbere n'Imigambi,
Edouardo NZAMBIMANA,
Lieutenant-Colonel.

Le Ministre des Affaires Etrangères
et de la Coopération,

Albert MUGANGA.

Le Ministre de l'Economie et des
Finances,

Dominique SHIRAMANGA.

Vu et scellé du Sceau de la République,

Le Ministre de la Justice,

Jean-Baptiste MANWANGARI.

Umushikiranjanji w'Imigenderanire
n'Ukufashanya,

Alberto MUGANGA.

Umushikiranjanji w'Ubutunzi n'Ikigega,

Dominiko SHIRAMANGA.

Birabonywe kandi bishizweko ikimangu ca
Republika,

Umushikiranjanji w'Ubutungane,

Yohani-Baptista MANWANGARI.

Instrument de Ratification de l'accord de prêt entre la République du Burundi et la Banque Arabe pour le développement Economique en Afrique (Badea) en vue du Financement du projet d'assainissement de la ville de Bujumbura.

Icatumye bemeza ingurane iri hagati ya Republika y'Uburundi na Banke y'Abarabu itez'imbere Afrika (BADEA) kugira batez'imbere ikisaga ca Bujumbura.

Nous, Jean-Baptiste BAGAZA,

Président de la République du Burundi,

Ayant vu et examiné l'Accord de prêt entre la République du Burundi et la Banque Arabe pour le Développement Economique en Afrique (Projet d'Evaluation des Eaux Usées et des Eaux Pluviales de Bujumbura), signé à Khartoum le 27 octobre 1977 ;

L'avons approuvé et l'approuvons en toutes et chacune des parties conformément à la législation en vigueur au Burundi,

Déclararons qu'il est accepté ratifié et confirmé,

Promettons qu'il sera intégralement et inviolablement observé,

EN FOI DE QUOI, nous avons donné le Présent Instrument revêtu du Sceau de la République.

Fait à Bujumbura, le 15 mars 1978.

Jean-Baptiste BAGAZA,
Colonel.

Par le Président de la République,

Le Premier Ministre et Ministre du
du Plan,

Edouard NZAMBIMANA,
Lieutenant-Colonel.

Twebwe Yohani-Baptista BAGAZA,

Umukuru wa Republika y'Uburundi,

Tumaze kubibona, tukavyihweza umwumvikanuri hagati ya Republika y'Uburundi na Banki y'Abarabu itez'imbere ubutunzi muri Afrika (Kutunganya amazi atatamba n'amazi y'imvura i Bujumbura), bikaba vyashiriweko umukono i Khartoum kw'igenekerezo ryo ku wa 27 gitugutu 1977.

Twaravyemeje, kandi turavyemeje tukwirikije uko amategeko ariho akwirikizwa,

Turamenyesheje ko vyemejwe rwose,

Turemeje ko bizokurikizwa nkuko vyateguwe kandi ko bizokwirikizwa ata kushidikanya,

Niyo mpamvu twashize kur'ayo masezerano ikimangu ca Republika y'Uburundi.

Bigiriwe i Bujumbura, kw'igenekerezo ryo kuwa 15 ntwarante 1978.

Yohani-Baptista BAGAZA,
Colonel.

Kubw'Umukuru wa Republika,

Umushikiranjanji wa Mbere n'Imigambi,

Edouardo NZAMBIMANA,
Lieutenant-Colonel.

Le Ministre des Affaires Etrangères
et de la Coopération,

Albert MUGANGA.

Vu et Scellé du Sceau de la République,

Le Ministre de la Justice,
Jean-Baptiste MANWANGARI.

Umushikiranjanji w'Imigenderanire n'Ukufashanya,

Alberto MUGANGA.

Birabonywe kandi bishizweko ikimangu ca
Republika,

Umushikiranjanji w'Ubutungane,
Yohani-Baptista MANWANGARI

Décret n° 100/26 du 3 avril 1978 portant modification de certains articles du décret n° 100/60 du 20 juin 1977 portant création de la société de stockage et de commercialisation des produits vivriers du Burundi-SOBECOV

Le Président de la République,

Vu le décret-loi n° 1/186 du 26 novembre 1976 portant organisation des pouvoirs législatif et réglementaire ;

Revu le décret n° 100/60 du 20 juin 1977 portant création de la Société de Stockage et de commercialisation des produits vivriers du Burundi ;

Décète :

Art. 2.

Est ainsi modifié: la Sobecov jouit de la personnalité morale et est placée sous la tutelle du Ministre ayant l'Economie dans ses attributions, ci-après dénommé le « Ministre de Tutelle. »

Art. 7.

Est ainsi modifié :

Le représentant du Ministre ayant l'Economie dans ses attributions est d'office Président du Conseil d'Administration.

Art. 28.

Le Ministre de l'Economie et des Finances est chargé de l'exécution du présent décret qui entre en vigueur le jour de sa signature.

Fait à Bujumbura, le 3 avril 1978.

Jean-Baptiste BAGAZA,
Colonel.

Itegeko n° 100/26 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 3 ndamukiza 1978 rihindura ingingo zimwe zimwe zo mw'itegeko n°100/60 ryo kw'igenekerezo ryokuwa 20 ruheshi 1977 rigira ishira hamwe ryo kushira hamwe ibiribwa ikabigurisha hano mu Burundi, yitwa SOBECOV.

Umukuru wa Republika,

Twihweje itegeko-bwirizwa n° 1/186 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 26 munyonyo 1976 ryihweza iringanizwa ry'amategeko yemewe ;

Tusubiye kwihweza itegeko n° 100/60 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 20 ruheshi 1977 rishinga ishira hamwe izoshira hamwe ibiribwa mu Burundi ikongerera ikabidandaza ;

Ategetse :

Ingingo ya 2.

Bihinduwe kutya :

Sobecov izohora yiserukira yivugire, ariko Umushikiranjanji w'Ubutunzi n'Ikigega ca Leta niwe azoyihagarikira.

Ingingo ya 7.

Bihindutse kutya :

Uzoserukira Umushikiranjanji yashinzwe Ubutunzi n'Ikigega ca Leta yama ar'umukuru w'Inama itegeka. Iyo atabishoboye aca asubirirwa n'umwe mubagize inama.

Ingingo ya 28.

Umushikiranjanji yashinzwe Ubutunzi n'Ikigega ca Leta ategerezwa kuca akwirikiza iri tegeko kuva umusi ryashiriweko umukono.

Bigiriwe i Bujumbura kw'igenekerezo ryo kuwa 3 Ndamukiza 1978.

Yohani-Baptista BAGAZA,
Colonel.

Par le président de la République,

Le premier Ministre et Ministre du
du Plan,

Ir. Edouard NZAMBIMANA,
Lieutenant - Colonel.

Le Ministre de l'Economie et des
Finances,

Dominique SHIRAMANGA.

Kubw'Umukuru wa Republika,

Umushikiranjanji wa Mbere
n'Imigambi,

Ir. Edouardo NZAMBIMANA,
Lieutenant-Colonel.

Umushikiranjanji w'Ubutunzi
n'Ikigega ca Leta,

Dominiko SHIRAMANGA.

Décret n° 100/28 du 3 avril 1978 portant modification
de l'Art. 51 du D.P. n° 100/64 du 30 juin 1977 portant
statut de la Fonction Publique.

Le Président de la République,

Vu le décret - loi n° 1/186 du 26 novembre 1976
portant actes législatif et réglementaire ;

Vu le décret n° 100/64 du 30 juin 1977 portant
statut de la Fonction Publique ;

Revu l'article 51 du D.P. n° 100/64 du 30 juin
1977 portant statut de la Fonction Publique ;

Sur Proposition du Ministre de la Fonction Publi-
que ;

Décrète :

Art. 1.

L'article 51 du statut de la Fonction Publique
est modifié comme suit :

Le Fonctionnaire accomplit normalement sa carriè-
re dans le cadre dans lequel il a été nommé.

Le transfert d'un cadre à un autre doit se faire
dans l'intérêt du service.

Ce transfert est réalisé par l'autorité qui a effectué
les nominations.

Le fonctionnaire transféré conserve son grade, son
traitement et son ancienneté.

Art. 2

Le Ministre de la Fonction Publique est chargé
de l'exécution du présent décret qui entre en vigueur
le jour de sa signature.

Itegeko n° 100/28 ryo kw'igekerezo ryo kuwa 3 Nda-
mukiza 1978 rihindura ingingo ya 51 ry'itegeko n°
100/64 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 30 ruheshi 1977
riringaniza amategeko y'abakozi ba Leta.

Umukuru wa Republika,

Twihweje itegeko-bwirizwa n° 1/186 ryo kw'i-
genekerezo ryo kuwa 26 munyonyo 1976 riringani-
za amategeko yemewe ;

Twihweje itegeko n° 100/64 ryo kw'igenekere-
zo ryo kuwa 30 ruheshi 1977 riringaniza amategeko
y'abakozi ba Leta ;

Tusubiye kwihweza ingingo ya 51 ry'itegeko
n° 100/64 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 30 ruheshi
1977 riraba amategeko y'abakozi ba leta ;

Bisabwe n'Umushikiranjanji w'abakozi ba Leta

Turategetse :

Ingingo ya 1.

Ingingo ya 51 iraba abakozi ba Leta ihindutse
kutya :

Umukozi wa Leta yagomba kubandanya ku-
kora aho bamweretse kukora.

Iyo bikenewe barashobora kumukura hamwe
bakamushira ahandi ariko bakabigira iyo bafise a-
kamaro kakomeye.

Uko kuhindura kugirwa n'umukuru yashinzwe
igenwa ry'abakozi. Uwuhinduwe agumana akara-
nga kiwe, akahembo, n'imyaka amaze akora.

Ingingo ya 2.

Umushikiranjanji yashinzwe abakozi ba Leta
ategerezwa kukwirikiza iri tegeko kuwa umusi rishi-
riweko umukono.

Fait à Bujumbura, le 3 avril 1978.

Jean-Baptiste BAGAZA,
Colonel.

Par le Président de la République,
Le Premier Ministre et Ministre du Plan,
Edouard NZAMBIMANA,
Lieutenant-Colonel.

Le Ministre de la Fonction Publique,
Damien BARAKAMFITIYE.

Bigiriwe i Bujumbura, kw'igenekerezo ryo kuwa
3 ndamukiza 1978.

Yohani-Baptista BAGAZA,
Colonel.

Kubw'Umukuru wa Republika,
Umushikiranjanji wa Mbere n'Imigambi,
Edouardo NZAMBIMANA,
Lieutenant-Colonel.
Umushikiranjanji yashinzwe Abakozi ba Leta,
Damiyano BARAKAMFITIYE.

Ordonnance n° 710/62 du 10 avril 1978 portant réglementation de la circulation du bétail et repression de la Divagation.

Le Ministre de l'Agriculture, de l'Élevage et du Développement Rural,

Vu le décret-loi n° 1/186 du 26 novembre 1976 portant organisation des pouvoirs législatif et réglementaire ;

Attendu qu'il convient de réglementer la circulation du bétail et de mettre fin aux dégradations des cultures occasionnées par la circulation anarchique du bétail,

Ordonne :

Art. 1.

Sans préjudices de la police de roulage applicable aux animaux, la circulation du bétail en dehors des pacages réguliers de leur commune d'élevage est soumise au régime de l'autorisation préalable.

Art. 2.

Tout propriétaire de gros ou petit bétail désirant la faire transhumer sur pied en dehors de la commune d'élevage doit demander à l'administrateur communal de cette commune une feuille de route précisant le nombre de bestiaux à mettre en circulation, le lieu de destination et l'itinéraire envisagé. La feuille de route doit comporter pour autorisation le visa de l'Administrateur de chacune des communes traversées et de la commune de destination. A cette feuille de route doit être annexé un certificat délivré par l'autorité vétérinaire de la commune d'origine qui devra être visé par l'autorité vétérinaire des communes intéressées et de la commune de destination.

Itegeko nshikiranjanji n° 710/62 ryo kwigenekerezo ryo kuwa 10 ndamukiza 1978 rishinga amategeko y'ukugene ibitungwa vyogendagenda n'ibihano vyibitungwa vyiyangaza.

Umushikiranjanji w'Uburimyi-Ubwozorozi bw'ibitungwa n'Iterambere ry'abanyamihana,

Twihweje itegeko-bwirizwa n° 1/186 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 26 munyonyo 1976 riringaniza amategeko yemewe ;

Kubera ko ari nkenerwa ngo tushinge amategeko yukugene ibitungwa vyogendagenda kugira ngo tubuze ivyo bitungwa kutemvya imirima bikava kuko bipfa kwitembereza ;

Turategetse :

Ingingo ya 1.

Tutacye kubiri n'amategeko yabaraba ibitungwa bigendagenda ku mabarabara, ibitungwa bigendagenda aho bitaba bitegerezwa kubanza kuro-nka uruhusa.

Ingingo ya 2.

Uyo wese afise ibitungwa ari bito canke binini, akaba yifuza kubigisha akabizana abishoreye, akarengana commune yaho vyaba, ategerezwa kusaba ikete yinzira, akayaka Umukuru wa Commune, kuriyo kete bagomba kuvuga ikitigiri c'ivyobitungwa ikibanza bigiyemwo, naho bizoca.

Kuriyo kete y'inzira Umukuru wa Commune waho hose biciye agomba kushirako umukono, kandi hagomba kubako umukono w'Umukuru wa Commune waho bishikira.

Art. 3.

Le refus d'autorisation peut être déféré au Gouverneur de province dans laquelle se situe la commune dont l'Administrateur a refusé l'autorisation.

Art. 4.

Tout propriétaire dont le bétail est trouvé en circulation irrégulière ou en état de divagations dans les cultures ou plantations d'autrui ou dans les périmètres d'aménagement rural définis par l'administration ou les organismes concessionnaires est punissable d'une amende de 100 F à 1.000 F par tête de bétail.

Art. 5.

Tout gardien qui, au mépris des instructions du maître du troupeau, laisse divaguer le bétail qui lui est confié sur les cultures ou plantations d'autrui, ou au-delà des clôtures ou bornes des périmètres d'aménagement rural est punissable d'une amende de 200 à 2.000 F et deux mois au plus de servitude pénale ou d'une des ses peines seulement.

Art. 6

L'autorité territoriale, provinciale ou communale peut ordonner la mise en fourrière de tout bétail en état de divagation dont le propriétaire n'est pas identifié ou dont le gardien refuse d'obtempérer à l'injonction de l'agent qualifié de ramener le bétail en son lieu de stationnement ou de circulation autorisé.

Art. 7.

A défaut de fourrière organisée par le Gouverneur ou l'Administrateur communal, ceux-ci peuvent charger un ou plusieurs éleveurs de leur circonscription de recueillir les animaux en fourrière, moyennant une indemnité fixée par la décision de concession de la fourrière.

Art. 8.

La mise en fourrière de l'animal divagant fait l'objet d'un procès-verbal de constat dont une copie est affichée sans délai dans le bureau de zone ou de commune le plus proche du lieu de la saisie et dans celui de la fourrière.

Pour rentrer en possession de l'animal mis en fourrière, le propriétaire ou le gardien responsable doit au préalable acquitter le montant des frais de garde et de nourriture de l'animal selon le tarif fixé par l'autorité locale, en cas de régie directe, ou fixé par la décision de concession en cas de concession du service de fourrière.

Kur'urwo rukaratasi rw'inzira hagomba urukaratasi rwatanzwe na Muganga avura ibitungwa waho ivyo bitungwa biva, kandi abaganga b'ibitungwa bo mu Commune yose ivyo bitungwa bicamwo bagomba kushirako umukono, hanyuma n'uwashinzwe kuraba ibitungwa vy'aho ivyo bitungwa bishikira.

Ingingo ya 3.

Umukuru wa Commune aramutse akwimye urusa, ushobora kubimenyesha umukuru wa Province w'iyi Commune waburiyemwo urwo ruhusa.

Ingingo ya 4.

Uyo wese bazofatira ikitungwa citemereza aho kitagomba kuba kiri canke ciyangaza mu mirimo y'abandi, canke ahagenewe kukorerwa ivyo kutez'imbere abanyamihana canke mu ndimo z'intizo k'ibera akamaro kazo bazotanga ihadabu kuva kumafranga 100 kushika ku mafranga 1.000 ku kitungwa kimwe kimwe.

Ingingo ya 5.

Umwungere atazokumva amategeko ya shebujakareka ibitungwa yashinzwe bikaja kwona imirima, canke mubikorwa vy'abandi canke bikarenga akarimbi k'aho bakorera ibikorwa vyokutez'imbere abanyamihana bazotanga ihadabu kuva ku mafranga 200 kushika ku mafranga 2.000, bongere bafungwe umunyororo w'amezi abiri canke arenga canke ikihano kimwe mur'ivyo.

Ingingo ya 6.

Abakuru arabo muri Province canke abo muri Commune bashobora kutegeka kugira ibitungwa vyiyangaza babifate babishire ahantu hamwe iyo batashoboye kumenya nyenevyo canke iyo umwungere yanse kwumva amategeko abakuru bamuhaye kugirango asubize ivyo bitungwa mu kibanza cavyo, canke aho bifitiye uruhusa.

Ingingo ya 7.

Iyo atakibanza cagenywe n'Umukuru wa Province canke wa Commune ngo kijemwo ibitungwa vyafashwe bashobora kuha ivyo bitungwa abandi baha hano babicunge, ariko bakazohabwa impembo, iyo mpembo ikazogenwa n'abo bakuru.

Ingingo ya 8.

Iyo bafashe ikitungwa ciyangaza baca bavyandika, urwo rwandiko baca barumanika buno nyene muri Zone canke muri Commune hafi yaho bafatiye ivyo bitungwa canke muri ca kibanza cagenewe kujamwo ibitungwa vyafashwe. Iyo nyene ikitungwa aje kucaca canke umwungere yari yashinzwe ivyo bitungwa aje kuvyaka ategerezwa kutanga amafranga yaho babimucungiyeye, akatanga n'amafranga y'ivyo zariye. Ikiciro c'amafranga kishingwa n'abakuru baho nyene.

Art. 9.

En cas de maladie contagieuse, l'autorité vétérinaire peut ordonner l'isolement ou l'abattage de l'animal en fourrière.

Aucune indemnité ne peut être réclamée par le propriétaire de l'animal abattu dans ce cas.

Art. 10

Les animaux mis en fourrière qui ne sont pas réclamés dans un délai de huit jours peuvent être mis en vente publique par l'autorité ayant ordonné la fourrière, suivant avis affiché le huitième jour aux bureaux de cette autorité et au bureau de la fourrière.

La vente ne peut intervenir avant le dixième jour. Elle a lieu aux enchères publiques, au plus offrant et au comptant.

Le procès-verbal de la vente mentionne la date de mise en fourrière, celle de l'avis de mise en vente, celle de la vente, le montant du prix versé et l'identité complète de l'acquéreur.

Art. 11

Le montant de la vente, déduction faite des frais de nourriture et de garde dus à la fourrière et du montant des sommes frappées d'opposition par le Ministère Public pour exécution de condamnations pénales ou dommages intérêts alloués aux victimes de la divagation, est tenu à la disposition du propriétaire pendant un an à dater du jour de la vente. A l'expiration de ce délai, le produit de la vente est définitivement acquis à l'administration ayant pratiqué la fourrière.

Art. 12.

Les infractions à la présente ordonnance peuvent être constatées par tout agent des services de l'Élevage et de l'Agriculture affecté en zone rurale, par tout agent de police administrative des communes ou des provinces agissant dans les limites de son ressort, ainsi que par tout **Officier ou Agent de Police Judiciaire**.

Art. 13.

Les directeurs généraux de l'Élevage et de l'Agriculture, les Gouverneurs de province et les autorités communales sont chargés, chacun en ce qui le concerne, de l'application de la présente ordonnance qui entre en vigueur, le jour de son affichage.

Fait à Bujumbura, le 10 avril 1978.

Philbert KAYIBIGI,
Major.

Ingingo ya 9.

Iyo ivyo bitungwa vyoba birwaye indwara yandukira uwashinzwe ivy'ubuganga bw'ibitungwa ashobora kubitandukanya n'ibindi bakabishira ukwavyo, cankebakavyica kandi nyenevyo ntakintu namba ashobora kwaka.

Ingingo ya 10.

Bene ibitungwa vyafashwe bataje kuvyaka mu misi umunani kuva aho vyafatiwe, umukuru yabifashe ahobora kutanga itegeko ngo babigurishe ariko, bibanza kumenyeshwa bikandikwa ku musi ugira umunani bikamanikwa kubiro vy'uyo mukuru no mu kibanza ivyo bitungwa vyashizwemwo. Ariko bigurishwa ku musi ugira cumi, bigurishwa ikihugu kikoranye, kandi bihabwa uwutanze menshi, kandi ayatangira aho nyene.

Urwandiko rwemeza igurishwa rugombo kuvuga ido n'ido umusi vyafatiwe, aho bamenyeshereje igurisha, umusi w'igurishwa amafanga vyaguzwe, umuntu yabiguze karangamuntu kiwe.

Ingingo ya 11.

Amafanga y'ikiguzi c'ivyo bitungwa, tukuyemwo amafanga y'ivyo zariye,

ay'ubwungere na yo kuha uwo ivyo bitungwa vyononeye ikihe vyangara bikaba vyarihwejwe n'Umushikirizamanza barayamubikira umwaka muzima kuva umusi ivyo bitungwa vyagurishwa. Iyo umwaka urenze nyene ivyo bitungwa ataje kutora ico kiguzi, amafanga aca acika ayabo bakuru bafashe ivyo bitungwa.

Ingingo ya 12.

Amakosa y'iryo tegeko ashobora kuhanwa n'abakozi bo mu bworozi bw'ibitungwa, no mu burimyi, bakora aho bakorera ibikorwa ngirakamaro k'abanyamihana, abakozi bo muri Commune babirekuriwe, nabo muri Province ariko batarenze aho bagera, n'abakozi babifitiye ububasha bo mu butungane.

Ingingo ya 13.

Abayobozi bakuru bo mu bworozi no mu burimyi, Abakuru ba za Province n'abakuru muri za Commune, umwe wese mu bimwerekeye bategerezwa kukwirikiza iyi ngingo nshikiranganji kuva umusi imanikiwe.

Bigiriwe i Bujumbura, kw'igenekerezo ryo kuwa 10 ndamukiza 1978.

Philibert KAYIBIGI,
Major.

Ordonnance ministérielle n°540/64 du 19 avril accordant la garantie de l'Etat à l'ouverture d'un crédit de soixante dix-neuf millions six-cent vingt-neuf mille francs BURUNDI (79.629.000 FBU) contracté par l'office national de commerce auprès de la Banque du Burundi.

Le Ministre de l'Economie et des Finances,

Vu le décret-loi n°1/186 du 26 novembre 1976 portant organisation des pouvoirs législatif et réglementaire spécialement en son article 4 alinéa 1 ;

Vu le Décret-loi n° 500/200 du 2 janvier 1973 fixant les conditions dans lesquelles l'Etat peut emprunter ou garantir le capital et les intérêts d'un emprunt ;

Attendu que la garantie de l'Etat est sollicitée par l'Office National de Commerce à concurrence de SOIXANTE DIX-NEUF MILLIONS SIX CENT VINGT-NEUF MILLE FRANCS BURUNDI pour couvrir une ouverture de crédit à consentir par la Banque de la République du Burundi et destinée à financer l'importation des marchandises en provenances de CHINE ;

Vu la Convention particulière régissant les modalités d'octroi de l'ouverture de crédit précitée.

Ordonne :

Article unique.

La garantie de l'Etat est accordée pour couvrir l'ouverture de crédit à consentir par la B.R.B. au profit de l'Office National de Commerce à concurrence de 79.629.000FBU

et destinée à financer l'importation de marchandises en provenance de Chine Cif Dar-Es-Salam (y compris transport ferroviaires, lacustres et le frais de douanes).

Fait à Bujumbura, le 19 avril 1978.

Dominique SHIRAMANGA.

Décret n°100/30 du 25 avril 1978 portant organisation de l'Administration Centrale du Ministère des Affaires Etrangères et de la Coopération.

Le Président de la République,

Vu le décret-loi n°1/186 du 26 novembre 1976 portant organisation des pouvoirs législatif et réglementaire ;

Itegeko Nshikiranganji n° 540/64 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 18 ndamukiza 1978 ryishinga ubuyobozi bwashinzwe na Leta ivyo kudandaza ngo Banki ya Republika iyigurane amafranga 79.629.000 y'Uburundi

Umushikiranganji w'Ubutunzi
n'Ikigega ca Leta,

Twihweje itegeko - bwirizwa n° 1/186 ryo kw'igenekerezo ryo ku wa 26 munyonyo 1976 ryihweza iringanzwa ry'amategeko yemewe cane cane mu ngingo ya kane mu gice ca mbere ;

Twihweje Itegeko - bwirizwa n° 500/200 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 2 nzero 1973 ishingira uburyo Leta ishobora kugurana n'ukwishinga ingurane n'inyungu ziyo ngurane ;

Kubera Ubuyobozi bwashinzwe na Leta ivyo kudandaza kwasavye Leta ngo iyishingira Banki ya Republika iyigurane amafranga 79.629.000 kugira ngo igure ibidandanzwa biva mu kihugu ca Chine ;

Turasavye uburyo bwashinzwe kugira ngo iyo ngurane yemerwe ;

Turategetse :

Ingingo y'ikinege.

Leta iremeye kwishingira Ubuyobozi bwashinzwe na Leta ivyo kudandaza kugirango Banki ya Republika iyigurane amafranga 79.629.000 ishobore kugura ibidandanzwa mu kihugu ca Chine kushika Dar-Es-Salama (harimwo ukubizana biciye mu nzuzi, mu kiyaga, hamwe n'amafranga atangwa muri douanes.

Bigiriwe i Bujumbura, kw'igenekerezo ryo kuwa 19 ndamukiza 1978.

Dominiko SHIRAMANGA.

Itegeko n° 100/30 ryo kw'igenekerezo ryo kuwa 25 ndamukiza 1978 riringanzwa uburyo ubushikiranganji bw'imigenderanire n'ukufashanya bubwirizwa kutunganya akazi.

Umukuru wa Republika,

Twihweje itegeko - bwirizwa n° 1/186 ryo kw'igenekerezo ryo ku wa 26 munyonyo 1976 ryihweza iringanzwa ry'amategeko yemewe ;

Sur rapport du Ministre des Affaires Etrangères et de la Coopération,

Décète :

TITRE I : ORGANISATION

Art. 1.

Le Ministère des Affaires Etrangères et de la Coopération comprend trois directions générales :

1. La direction générale pour les Etats-Unis d'Amérique, le Canada, l'Europe et les Organisations Internationales ;
2. La direction générale pour l'Afrique, l'Asie, l'Amérique Latine et l'Océanie ;
3. La direction générale chargée de l'Administration et des Traités.

Art. 2.

La direction générale pour les Etats-Unis d'Amérique, le Canada, l'Europe et les Organisations Internationales comprend deux directions :

1. La direction Etats-Unis d'Amérique, Canada, Europe.
2. La direction des Organisations Internationales.

Art. 3.

La direction générale pour l'Afrique, l'Asie, l'Amérique Latine et l'Océanie comprend deux directions :

1. La direction Afrique et les Organisations Africaines ;
2. La direction des Pays de la ligue Arabe, de l'Asie, de l'Amérique Latine et de l'Océanie.

Art. 4.

La direction générale de l'Administration et des Traités comprend trois directions :

1. La direction des Relations Publiques, de la Documentation et des Traités ;
2. La direction de l'Administration ;
3. La direction du Protocole.

TITRE II : ATTRIBUTIONS ET COMPETENCE.

Art. 5.

Chacun des directeurs généraux du Ministère des Affaires Etrangères et de la Coopération super-

Bisabwe n'Umushikiranjanji w'Imigenderanire n'Ukufashanya,

Turategetse :

IKICE CA MBERE.

Ingingo ya 1.

Mu bushikiranjanji bw'Imigenderanire n'Ukufashanya hariho ubuyobozi bukuru butatu :

